yéen nit ñi, damaa def lii ngir ngeen roy ak ngir ngeen xam samag julli

Jële nañu ci Aasim Ibn Diinaar mu wax ne: Ay nit dañoo ñëw ci Sahl Ibn Sahdin As-Saahidii, fekk dañu doon werante ci minbar bi fan la bant bi jóge, ñu laaj ko loolu, mu ne leen: giñ naa ci Yàlla dinaa xam fan la jóge, ca bis bañu ko fi njëkkee teg laa ko gis, ak bis ba ca Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- njëkkee toog, Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa yónnee ca diw -genn jigéen gu bokk ci Lansaar yi Sahl tudd na ko- ne ko: "digalal sa xaleb minise bi mu defaral ma ay bant yu may toog bu may wax ak nit ñi" mu digal ko ko, mu defar ko ci bant yi ci àll bi, mu indi ko, jigéen gi yónnee ko ci Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu digle ñu teg ko fii, ma gis Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- di julli di kàbbar fekk ma nga ca kawam, mu wàcc di dellu ginnaaw, ba noppi daal di sujjóot, ci suufu minbar bi, daal di delluwaat, ba mu noppee, mu jublu ci nit ñi daal di leeni wax ne: "yéen nit ñi, damaa def lii ngir ngeen roy ak ngir ngeen xam samag julli".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Ay nit dañoo ñëw ci kenn ci Sahaaba yi di ko laaj ci minbar bi Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- wut ci lan lañu ko defare? Fekk dañu si doon werente di xëccoo ci loolu, mu wax leen ne Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa yónnee ci genn jigéen ci waa Lansaar gu amoon ab jaamu minise, mu ne ko: digalal sa xale bi mu defaral ma ab minbar bu may toog bu may wax ak nit ñi, jigéen gi wuyu ko ci loolu, daal di digal xaleem bi mu defaral Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ab minbar ci garabu tamareks, bamu noppee jigéen gi yónnee ko Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-, mu digle ñu teg ko ca bérab ba mu nekk ca jàkka ja, Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- daal di julli, kabbar fekk ma nga ca kawam, rukkoo ca kawam, mu wàcc di deeltu ginnaaw, ci lu dul muy wëlbati kanamam jëme ci ginnaaw, mu sujjóot ci suufu minbar bi, daal di delluwaat, ba mu noppee ca julli ga daal di jublu nit ñi, ne leen: yéen nit ñi, damaa def lii ngir ngeen roy ci man jàngaale samag julli.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/65096